

PROGRAM NO: 374**MASPADANI PENYAKIT NULAR TUMRAP BALITA / TANGI SAHA NGLADOSI**

Sedhèrèk kula, kados pundi pawartos saha kawontenan panjenengan ing dinten menika? Mugi panjenengan saé-saé kémawon saha manggih karaharjan. Kula, Lilis, manggihi panjenengan malih wonten ing adicara Cahyaning Agesang. Dinten menika kula ugi taksih dipun kancani déning ibu Arin, ingkang badhé ngaturaken siraman rohani kanggé panjenengan wonten ing pérangan kaping kalih adicara menika. Wonten ing pérangan kaping sepindhah, kula badhé mbagé kaweruh dhateng panjenengan ngéngingi maspadani penyakit nular tumrap balita. Inggih, sedhèrèk kula, mangga kita wiwiti kémawon pérangan kaping sepindhah adicara menika, sugeng mirengaken.

Maspadani Penyakit Nular Tumrap Balita

Sedhèrèk kula, laré-laré balita asring sanget dipun serang déning manéka-werni penyakit, kalebet penyakit nular. Wonten kathah penyakit nular ingkang nyerang balita, bab menika kedah dipun waspadani. Dinten menika kula badhé mbagé kalih penyakit nular ingkang asring nyerang laré balita, inggih menika cacar air/cangkrang saha batuk rejan/watuk nggigil. Kalih penyakit nular menika paling asring dipun alami déning laré balita. Kita wiwiti kaliyan cangkrang.

Cangkrang minangka penyakit ingkang asring dipun panggihi wonten ing laré-laré. Cangkrang dipun jalari déning virus Varisela zoster. Virus menika nyerang kulit kanthi metha/mangun tatu ingkang isi cuwèran/cairan. Infèksi virus menika padatanipun nempuh balita umur 9 (sangang) sasi minggah. Tanda-tanda cangkrang menika dipun wiwiti kanthi njedhulipun bintul-bintul abrit ing kulit, saha kala-kala suhu badanipun sekedhik mindhak. Sasampunipun satunggal utawi kalih dinten, bintul-bintul abrit menika lajeng melepuh isi toya. Lajeng bintul-bintul menika badhé garing saha moncèk. Laré sampun kénging infèksi wiwit satunggal utawi kalih dinten sadèrèngipun bintul-bintul abrit menika njedhul.

Nah, lajeng kados pundi ngrimat laré ingkang kaserang déning cangkrang menika? Sejatosisipun tiyang sepuh mboten perlu mbeta larénipun dhateng dhokter, kejawi menawi tiyang sepuh mboten yakin, menapa larénipun menika kaserang déning cangkrang menapa sanès. Tiyang sepuh cekap ngombèni larénipun kathah toya pethak, saha kanggé mandhapaken suhu badanipun utawi nentremaken gregesipun kanthi ngombèni parasitamol mligi kanggé bayi saha laré balita. Sedheng kanggé nentremaken gatelipun, tiyang sepuh saged ngedusi larénipun mawi toya anget ingkang dipun campur kaliyan sekedhik bikarbonat soda. Utawi, tiyang sepuh saged ngusap bintul-bintul larénipun mawi

losen. Menawi laré tangi ing wedal dalu karana gatel, tiyang sepuh saged nyukani antihistamin ingkang saged nentremaken gatelipun. Losen saha antihistamin saged dipun tumbas ing apotik.

Bab sanès ingkang perlu dipun pigatosaken déning tiyang sepuh inggih menika, upayakaken laré balita ingkang saweg nandhang cangkrang, sampun ngantos kénging infèksi sanèsipun, temah dadosaken komplikasi. Kados ta, sampun ngantos dipun jaraken balita menika dolanan wonten ing njawi sesarengan kaliyan kanca-kancanipun. Saha éndhanaken balita menika saking menapa kémawon ingkang saged adamel bintul-bintulipun pecah. Menawi bintul-bintulipun pecah, mbok menawi kémawon saged andadosaken infèksi baktèri sangsaya ageng. Menawi sampun makaten, balita menika kedah dipun sukani antibiotik, malahan kala-kala kedah dipun rimat wonten ing griya sakit.

Cangkrang saged dipun cegah kanthi vaksinasi utawi imunisasi. Sanadyana kénging cangkrang sasampunipun vaksinasi, padatanipun penyakit cangkrang menika mboten ngantos seru. Vaksinasi padatanipun dipun sukakaken dhateng laré umur satunggal taun minggah. Karana laré umur menika sampun mboten malih gadhahi kekebalan badan saking ibunipun. Daya pangayom vaksin menika saged gayuh sangangdasa pitu persèn, saha saged dipun wangsuli ing nalika balita menika umur gangsal taun.

Penyakit nular sanèsipun ingkang asring dipun sandhang déning laré balita, inggih menika watuk nggigil.

Watuk rejan/nggigil ugi dipun sebat kaliyan watuk satunggalatus dinten, watuk menika minangka salah-satunggaling penyakit infèksi pernapasan/ambegan ingkang sanget nular. Penyakit menika langkung asring nyerang laré-laré, utaminipun laré umur sangandhapipun kalih taun. Watuk nggigil ugi saged dipun sandhang déning tiyang diwasa, nanging mboten mbebayani. Dados langkung mbebayani menawi penyakit menika dipun sandhang déning laré-laré, balita, saha yuswa sepuh.

Penyakit menika dipun jalari déning baktèri *Bordetella pertussis*. Cara nularipun lumantar watuk utawi gebrèsing panandhang ingkang kénging infèksi baktèri menika. Tanda-tanda wiwitan watuk nggigil menika mèmper kaliyan flu, saha sasampunipun kalih minggu lajeng wiwit watuk. Saged ugi piyambakipun keselak utawi luntak, saha kala-kala ambeganipun mungel ing nalika narik ambegan utawi sasampunipun watuk. Betah wedal minggon ngantos serangan watuk menika tentrem. Infèksi baktèri menika nyumpet bolongan hawa mawi riyak, bab menika saged kalajeng watawis sekawan minggu wiwit watuk menika kawiwitan. Menawi laré panjenengan kaserang watuk terus-terusan saha wonten ing wedal ingkang dangu, beta laré panjenengan dhateng dhokter supados pikantuk pamriksan ingkang trep, saha nyegah nulari tiyang sanès.

Laré ingkang kaserang watuk nggigil, prayoginipun dipun beta dhateng dhokter. Kanggé ngrimat laré balita ingkang kaserang watuk nggigil, tiyang sepuh saged nyukani tetedhan ingkang gampil dipun ulu saha ngombèni kathah toya pethak. Biyantu laré menika medalaken riyakipun, kanthi nilemaken wonten ing pangkon lajeng gablok-gablok geperipun. Dhokter ugi badhé ngresèpaken antibiotik.

Sukani tetedhan ingkang ngandhut gisi ingkang gampil dipun luluh sekedhik mbaka sekedhik. Éndhanaken saking tetedhan ingkang ngandhut kathah gendhis, pemanis damelan, saha gorèngan. Wonten ing kedadosan ingkang seru, mbok menawi laré menika kedah dipun rimat wonten ing griya sakit, supados pikantuk terapi oksigén saha pangobatan réhidrasi. Kala-kala serangan watuk ingkang seru saged nyebabaken radhang wonten ing paru-paru, saha adamel laré menika gampil kaserang infèksi paru-paru. Infèksi sekundèr, sanadyana awis-awis, saged njedhulaken pnéumonia saha bronkhitis. Tebihaken saking bayi sanèsipun, kanggé ngéndhani kénging komplikasi.

Sedhèrèk kula, menika kalawau penyakit nular ingkang asring dipun alami déning balita, pananganan saha pangrimatan ingkang saé, badhé nebihaken laré balita kénging komplikasi saking penyakit nular menika. Mugi maédahi.

Sedhèrèk kula, mugi kaweruh ngéngingi penyakit nular tumrap balita kalawau maédahi kanggé panjenengan sakulawarga. Tetapa sesarengan kaliyan giyaran Cahyaning Agesang menika nggih, karena sekedhap malih ibu Arin badhé dumugi saha ngajak panjenengan gegilut Dhawuh Pangandikanipun Gusti. Nanging sadèrèngipun menika, mangga kita sami mirengaken satunggal lagu pepujèn, ingkang sampun kula cawisaken kanggé panjenengan wonten ing pundi kémawon kawontenan panjenengan. Sugeng mirengaken, mugi manah panjenengan kalipur.

Tangi saha Ngladosi

Sedhèrèk kula, wonten manéka-werni tanggapan sasampunipun tiyang dipun sarasaken déning Gusti Yésus. Wonten sedasa tiyang sakit kusta ingkang dipun sarasaken déning Gusti Yésus, nanging namung satunggal tiyang ingkang atur panuwun. Wonten ugi tiyang ingkang lumpuh ingkang ngluhuraken Gusti, sasampunipun Gusti Yésus adamel piyambakipun saged lumampah. Mekaten ugi kaliyan tiyang wuta ingkang dipun sarasaken déning Gusti Yésus, piyambakipun lajeng ngluhuraken Asmanipun Gusti Yésus wonten ing saindenging daérahipun.

Ing dinten menika kula ugi badhé maosaken satunggal cariyos ngéngingi ibu marasepuhipun Pétrus ingkang dipun sarasaken déning Gusti Yésus. Menapa ingkang dipun tindakaken déning ibu marasepuhipun Pétrus sasampunipun saras? Kados mekaten cariyosipun:

Gusti Yésus tindak menyang omahé Pétrus. Ing kono Panjenengané mirsa ibuné maratuwa Pétrus mau lagi lara panas ana ing peturon.

Tangané banjur didemèk, temahan mari larané. Wong mau banjur tangi lan ngladosi Gusti. (Matius 8:14-15).

Sedhèrèk kula, ibu marasepuhipun Pétrus namung sakit adhem-panas, nanging Gusti Yésus ugi karsa nyarasaken. Astanipun dipun asta déning Gusti Yésus, ibu marasepuhipun Pétrus lajeng saras saking sakit adhem-panasipun. Lajeng menapa ingkang dipun tindakaken déning ibu marasepuhipun Pétrus? Sasampunipun saras saking sakit adhem-panasipun, ibu marasepuhipun Pétrus lajeng wungu saha ngladosi Gusti Yésus dalah murid-muridipun.

Ibu marasepuhipun Pétrus nedahaken bilih panjenenganipun minangka tiyang èstri sejatos. Panjenenganipun mboten aleman, nanging mèmper kadosdéné wanita limrahipun, panjenenganipun langsung ngladosi Gusti Yésus dalah murid-muridipun tanpa dipun suwun. Menika satunggal tanggapan ingkang sanget saé. Ibu marasepuhipun Pétrus karsa atur panuwun dhumateng Gusti Yésus kanthi cara ngladosi Panjenenganipun. Panci Gusti Yésus mboten naté nuntut menapa kémawon tumrap tiyang-tiyang ingkang Panjenenganipun sarasaken. Gusti Yésus ngejaraken saben tiyang atur tanggapan atas menapa ingkang Panjenenganipun tindakaken. Nalika sedasa tiyang sakit kusta ingkang Panjenenganipun sarasaken, saha namung satunggal tiyang ingkang atur panuwun, Panjenenganipun mboten ngoyak-oyak lajeng meksa tiyang sanga menika supados atur panuwun dhumateng Panjenenganipun. Gusti Yésus karsa, tiyang kanthi èling, kanthi lila, kanthi tulus, nanggapi menapa ingkang Panjenenganipun tindakaken.

Sedhèrèk kula, menapa kita naté dipun sarasaken utawi dipun tulung déning Gusti Yésus? Tamtu kémawon naté ta, malahan mbok menawi makaping-kaping kita dipun sarasaken Panjenenganipun saking sesakit. Sanadyana mbok menawi mboten sacara ajaib, kadosdéné Gusti Yésus nyarasaken tiyang lumpuh utawi tiyang wuta sarta tiyang-tiyang ingkang sakit kusta menika, nanging kasarasan kita sacara alami, menika ugi kasarasan saking Gusti Yésus. Gusti Yésus saged ngagem manéka-werni cara miturut karsanipun kanggé nyarasaken kita. Menawi kita ngèlingi sarta ngakeni, bilih Gusti Yésus sampun nyarasaken kita, pramila menapa ta tanggapan kita? Menapa kita kadosdéné tiyang sanga ingkang sakit kusta menika, ingkang mboten atur panuwun dhumateng Gusti Yésus? Utawi kita kadosdéné tiyang lumpuh ingkang ngluhuraken Gusti sasampunipun ngalami kesarasan? Utawi kita kadosdéné ibu marasepuhipun Pétrus, ingkang énggal wungu saha ngladosi Gusti Yésus dalah murid-muridipun sasampunipun ngalami kesarasan.

Gusti Yésus badhé rena ing penggalih menawi kita atur panuwun saha caos sokur, atas kesarasan ingkang Panjenenganipun paringaken. Gusti Yésus ugi rena ing penggalih menawi kita ngluhuraken Asmanipun sasampunipun kita dipun sarasaken. Gusti Yésus ugi sanget rena ing penggalih menawi kita ngladosi Panjenenganipun mawi sedaya kesagedan saha menapa kémawon ingkang wonten ing dhiri kita.. Kadosdéné ibu marasepuhipun Pétrus ingkang énggal ngladosi Gusti Yésus sasampunipun dipun sarasaken. Panci Gusti Yésus mboten wonten ing sakiwa-tengen kita. Kita mboten saged ngladosi Panjenenganipun sacara badan, kados ta, nyawisaken unjukan kagem Panjenenganipun utawi nyawisaken dhaharan kagem Panjenenganipun, nanging kita saged ngladosi Panjenenganipun kanthi nulung tiyang sanès, kanthi misungsungaken suwanten kita ingkang éndah kagem memuji Panjenenganipun. Utawi kita saged ngginakaken tangan kita kanggé ngrimat sémah saha anak-anak kita, utawi sanak sedhèrèk ingkang mbetahaken pitulungan kita. Menawi kita dèrèng sempet atur sokur utawi atur panuwun, menapa malih ngladosi Panjenenganipun, Gusti sabar nengga kita. Panjenenganipun mboten nepsu. Nanging Panjenenganipun tansah nengga suwanten kita, Panjenengan tansah nengga tumindak kita ingkang ngrenanaken penggalhipun. Taksih wonten kasempetan tumrap kita kanggé ngasoraken dhiri saha atur panuwun atas kesarasan ingkang sampun kita tampi. Taksih wonten kasempetan tumrap kita kanggé tangi saha ngladosi Gusti Yésus mawi kesagedan menapa kémawon ingkang kita gadhahi.

Sedhèrèk kula, menawi kita mboten saged ngucapaken menapa-menapa dhumateng Gusti, karena mbok menawi kémawon kita mboten gadhahi tembung-tembung kagem nyaosaken sokur dhumateng Gusti, kula badhé maosaken pepujèn sokur ingkang wonten ing Kitab Masmur. Mugi-mugi kanthi pepujèn sokur menika, kita gadhah greged kanggé tansah atur panuwun saha caos sokur, atas menapa kémawon ingkang Gusti sampun tindakaken kanggé gesang kita. Mangga kita pirengaken pepujèn sokur menika, ingkang kados mekaten suraosipun:

Masmur samasa saos kurban pamuji. Hé wong salumahé bumi, padha bungaha lan mujia marang Allah.

Padha ngabektia marang Allah kalawan bungah, padha mareka ana ing ngarsané karo ngidung kanthi bungah!

Aja lali yèn Pangéran iku Allah, Panjenengané kang nitahaké kita, lan kita iki kagungané. Kita iki umaté, lan ménda ngèn-ngènané.

Padha lumebua marang gapurané kalawan memuji, mlebua ing platarané kalawan kidung pamuji. Padha saosana puji, padha luhurna asmané.

Sebab Allah iku becik, sih-piwelasé langgeng ing selawasé, kasetyané tetep turun-temurun.

Sepindhah malih,

Masmur samasa saos kurban pamuji. Hé wong salumahé bumi, padha bungaha lan mujia marang Allah.

Padha ngabektia marang Allah kalawan bungah, padha mareka ana ing ngarsané karo ngidung kanthi bungah!

Aja lali yèn Pangéran iku Allah, Panjenengané kang nitahaké kita, lan kita iki kagungané. Kita iki umaté, lan ménda ngèn-ngènané.

Padha lumebua marang gapurané kalawan memuji, mlebua ing platarané kalawan kidung pamuji. Padha saosana puji, padha luhurna asmané.

Sebab Allah iku becik, sih-piwelasé langgeng ing selawasé, kasetyané tetep turun-temurun. (Masmur 100:1-5).

Mugi-mugi pepujèn sokur menika kalawau nyurung kita kanggé tansah atur panuwun saha caos sokur dhumateng Gusti, ingkang sampun mitulungi saha nyarasaken kita. Gusti badhé rena ing penggalih midhangetaken suwantening manah kita. Gusti badhé rena ing panggalih mirsani peladosan kita kagem kaluhuranipun. Amin.